



Dans une note acheminée au bureau de Haïti Press Network, le ministère informe du lancement d'une Campagne de vaccination contre la Rage en Haïti. Cette activité a pour objectif □ de vacciner 480 000 chiens d'ici le mois de décembre.

Le Ministère de l'Agriculture s'est mobilisé en partenariat avec le Ministère de la Santé publique et les Comités de Santé Animale de toutes les 140 communes du pays, explique la note, indiquant que des centaines d'agents vétérinaires communautaires des "Gwoupman santé bèt" seront au travail.

voici quelques informations communiquées par le ministère au sujet de la maladie:

Kisa laraj la ye ?

Laraj, se yon maladi ki grav anpil. Depi yon bèt oubyen yon moun devlope maladi a, lap mouri kanmenm. Maladi sa a pa gen remèd.

Kijan moun trape maladi laraj ?

Pou yon moun oswa yon bèt trape maladi sa a, fòk se yon lòt bèt ki te deja malad ki pou mòde li, oswa tou, se saliv bèt malad la ki rantre nan yon blesi. Si yon bèt anraje mòde yon lòt bèt, si bèt sa a pat vaksinen apre 10 jou oubyen menm pafwa apre 2 mwa, lap vin anraje li menm tou.

Ki bèt ki kapab gen laraj ?

Laraj, se pa maladi chyen sèlman. Se yon maladi ki kapab atake tout bèt. Li atake moun tou.

Kisa ki lakòz laraj ?

Se yon jèm mikwòb ki bay maladi laraj. Mikwòb sa a fè pati mikwòb viris yo. Bèt ki malad la genyen jèm maladi a nan krache li (saliv li).

Kijan ou kapab rekonèt yon bèt ki anraje ?

Genyen 2 kalte raj:

1- Raj firyez kote bèt la agresif, li fou.

2- Raj bèbè kote bèt la rete kalm, li kagou, li ebete.

Yon chyen ki gen raj koumanse vin dwòl, li pa kapab rete anplas. Apre 3 jou, chyen an koumanse vin pi mechan. Li kapab vle mòde tout sa ki pase devan l.

Gen chyen anraje ki konn pati kite lakay yo , epi y ap mòde tout sa yo jwenn sou wout yo. Pafwa gen chyen ki pa janm prezante tout siy sa yo. Yo annik pa kapab deplase epi yo mouri (raj bèbè).

Kouman nou kapab kontre kòn ak laraj ?

Tretman:

Pa gen tretman kont laraj.

Prekosyon:

Vaksin chyen yo.

Evite miyò pase mande padon. Se bèt ki bay moun raj. Se bèt yo ki pou vaksin. Bèt ki pou ta vaksin, se tout bèt ki konn trape laraj. Men fòk nou vaksin bèt ki konn mòde moun yo: Chyen sitou. Yo kapab vaksin yo depi yo genyen laj 3 mwa. Apre sa chak ane se pou yo pran yon rapèl.

Ki prekosyon lè yon chyen anraje mòde yon moun?

Lè yon chyen anraje mòde yon moun, se pou nou lave blesi a ak savon prese prese. Mikwòb ki bay maladi laraj la pa sipòte savon ditou. Epi se pou moun nan ale kay doktè apre sa.

Se pou yon veterinè vin mete chyen an anba obsèvasyon pou 15 jou.

Si apre 15 jou bèt la pa mouri sa vle di li pat gen laraj.